

# Yon koudèy sou resansman 2020 an

*Konte tout moun yon fwa, yon sèl fwa, kote yo dwe konte yo a.*

Biwo Resansman Etazini se pi gwo ajans estatistik gouvènman federal la genyen. Nou pran angajman pou nou bay bonjan enfòmasyon ak chif ki egzak anrapò ak pèp ameriken an, tèritwa li, ak ekonomi li. Lwa federal garanti konfidansyalite repons chak moun bay Biwo Resansman an.

Se Konstitisyon Etazini ki mande pou yo konte— oswa resanse— popilasyon peyi a chak 10 lane



Resansman an pèmèt nou jwenn enfòmasyon ki enpòtan anpil ni pou ou, ni pou kominote kote w ap viv la.

- Li pèmèt nou detèmine konbyen reprezantan chak eta ap genyen nan Kongrè a epi nou itilize l pou nou retrace fwontyè chak distri. Y ap voye nouvo redistribisyon distri yo bay eta yo 31 mas 2021.
- Kominote yo konte sou estatistik resansman an pou yo planifye kèk bagay moun ki abite nan zòn nan ka bezwen, tankou wout, lekòl, ak sèvis ijans.
- Antrepriz yo sèvi ak done ki soti nan resansman an pou yo decide ki kote pou yo ouvè magazen yo.

Chak ane gouvènman federal la distribiye plis pase 675 milya dola nan eta yo ak kominote yo, sou baz enfòmasyon yo jwenn nan resansman an.

An 2020, n ap vini ak yon nouvo teknoloji k ap fè li pi fasil pou yon moun patisipe nan resansman an. Se premye fwa w ap gen posibilite pou w reponn sou entènèt, pa telefòn, oswa nan yon lèt. N ap sèvi ak enfòmasyon moun yo te deja bay, yon fason pou nou diminye kantite vizit ki pral nan fwaye yo. Mete sou sa, n ap prepare yon lis adrès ki egzak e n ap enfòmatisize travay k ap fè sou tèren—tou pandan n ap kenbe enfòmasyon w bay yo konfidansyèl e an sekirite.

[2020CENSUS.GOV](https://2020census.gov)

## ETAP KLE

- 2018**
  - Tès global sou pwojè resansman an 2018 la
  - Kesyon pou Resansman 2020 an al jwenn Kongrè a 31 mas 2018
  - Sis biwo rejyonal ak 40 biwo lokal ouvri pòt yo pou Resansman 2020 an
- 2019**
  - Lansman aktivite sou patenarya
  - Fòmasyon Komite Kontaj Konplè yo
  - Ajan resansman yo fè yon mizajou nan lis adrès yo an pèsòn
  - Rès 248 biwo lokal pou resansman yo ouvè
- 2020**
  - Kanpay pwomosyon an kòmanse an Janvyè 2020
  - Moun yo kòmanse voye repons yo (sou entènèt, nan telefòn, nan lèt)
  - **Jou resansman an—** Premye avril 2020
  - Ajan resansman yo ap vizite fwaye kote moun yo pa t reponn
  - Y ap voye dekoupaj distri yo bay prezidan an 31 desanm 2020
- 2021**
  - Y ap voye nouvo repatisyon distri yo bay eta yo 31 mas 2021.

Shape  
your future  
START HERE >

United States®  
Census  
2020

# Yon ide jeneral sou Pwogram Biwo Resansman an

## RESANSMAN YO

- **Resansman desenal** la se yon resansman ki fèt yon fwa chak dizan, pou konte popilasyon ak lojman ki nan tout 50 eta yo, nan distri Columbia a, nan Pòtoriko ak nan lòt zile yo. Rezilta resansman an detèmine konbyen syèj chak eta ap genyen nan chanm reprezantan Etazini an e yo sèvi tou pou trase distri lejislatif pou chak manm nan kongrè a. Ajans federal yo sèvi ak rezilta yo pou yo distribye plis pase 675 milya dola ki soti nan fon federal yo chak lane.
- **Resansman ekonomik** an mezire ekonomi nasyon an chak 5 an, li founi estatistik ki enpòtan pou pratikman chak kalite biznis ak chak zòn jwografik ki nan peyi a.
- Chak 5 an, **Resansman Gouvènman** yo founi enfòmasyon ki pratikman konplè sou apeprè 90,000 gouvènman nasyon an genyen, swa nan nivo eta yo, swa nan nivo lokal.


## SONDAJ YO

- **Sondaj Kominote Ameriken** an (ACS) se yon sondaj nasyonal ki fèt an pèmanans. Chak lane, li pran yon echantyon ki gen apeprè 3.5 milyon adrès ki founi enfòmasyon ki enpòtan sou lojman ki nan nasyon an ak popilasyon an. ACS se sèl zouti ki ban nou enfòmasyon nou ka konpare, enfòmasyon bon kalite sou popilasyon an ak kominote yo. Enfòmasyon sa yo ede nou konprann popilasyon Etazini an e yo ede nou wè nan ki sans l ap chanje. Enfòmasyon ACS yo ede nou pou nou evalye sa k te fèt anvan, sa k ap fèt kounye a epi prepare pou sa k dwe fèt pou lavni.
- **Sondaj demografik** yo mezire revni, povrete, edikasyon, kouvèti asirans sante, kalite lojman, moun ki viktim krim, itilizasyon òdinatè ak anpil lòt sijè.
- **Sondaj ekonomik** yo fèt chak mwa, chak twa mwa epi chak lane. Yo kouvri kèk sektè byen presi nan ekonomi peyi a. Yo pran enfòmasyon ki parèt pi souvan konsènan ekonomi dinamik la epi yo ajoute yo nan sondaj ekonomik la. Sondaj sa yo pwodui plis pase 400 rapò ekonomik chak lane Pami rapò sa yo gen endikatè ekonomik ki pi enpòtan yo.
- **Sondaj esponsorize** yo se sondaj demografik ak sondaj ekonomik nou Mennen pou lòt ajans federal. Yo gen ladan yo Sondaj Aktyèl sou Popilasyon an (Current Population Survey), Sondaj pa mwayen kesyon/repons sou Sante Nasyonal (National Health Interview Survey), ak Sondaj Nasyonal sou moun ki Diplome nan Inivèsité (National Survey of College Graduates).

Pou plis enfòmasyon, ale sou [census.gov](https://www.census.gov).

Suiv nou [@uscensusbureau](https://twitter.com/uscensusbureau)

kontakte nou nan :



2020CENSUS.GOV

## Lwa pwoteje enfòmasyon w bay yo

Lwa fè Biwo Resansman an obligasyon pou l kenbe enfòmasyon ou bay yo konfidansyèl e pou l sèvi ak repons ou bay yo sèlman pou l pwodui done estatistik. Nou pa gen dwa pibliye repons ou bay yo okenn fason ki ka pèmèt moun idantifye w. Nou pap janm pataje enfòmasyon w yo ak ajans pou aplikasyon lwa sou imigrasyon tankou ICE ni okenn ajans k ap fè aplike lwa tankou FBI oubyen lapolis. Nou pap janm pèmèt pèsonn sèvi ak enfòmasyon sa yo pou deside si wi ou non ou elijib pou kèk avantaj gouvènman an ap bay.

## Misyon nou

Sèvi antanke lidè prensipal nan founi done bon kalite sou popilasyon an ak ekonomi peyi an.

## Vizyon nou

Nou vle yon sous moun ka fè konfyans pou yo jwenn bonjan enfòmasyon estatistik ki valab. Nou vle yon lidè ki pèmèt moun pran desizyon ki baze sou enfòmasyon.

## Istwa Resansman

An 1790, Thomas Jefferson te dirije premye resansman ki pou fèt chak 10 zan an. Depi lè sa a, jan konstitisyon Etazini an mande sa, gen yon resansman ki fèt chak 10 zan. An 1840, Lwa sou Resansman an (Census Act) te otorize kreyasyon yon Sèvis Resansman santral. An 1902, Sèvis Resansman an te vin tounen yon enstitisyon pèmanan anndan Depatman Enteryè. Yon lane apre, yo te chanje non l. Yo te vin rele l Biwo Resansman epi li te vin fè pati Depatman Komès ak Travay, yon departman ki te fèk kreye.

Shape  
your future  
START HERE >

United States®  
Census  
2020